**Ирон æвзаджы курс I**

## Текст: *Ædзæрæг бæстæйы æрцæугæ хабар*

**(Скаткин, М.Н.** *Кæсыны чиныг æрдз зоныны тыххæй* **. Орджоникидзе 1956)**

---

[1] **(1) Ædзæрæг бæстæйы сындæггæй фæцæуы теуаты бал (караван) (1-аг нывв). (2) Бæстæйы хус æмæ тæвд змис йедтæмæ ницы ис. (3) Иу бæлас, иу кæрдæджы хал дзы никуы фендзынæ. (4) Караван ныр дыккаг къуыри ис фæндагыл. (5) Цы дон сæм уыдис, уый знон фæци. (6) Сæ фæндагыл цы цъайтæ уыд, уыдон та хус баисты...**

[2] **(7) Æвиппайды тыхджын уаддымгæ сыстад. (8) Змис мигъау хæссы æмæ хæссы. (9) Æмæ дзы дзых, цæстытæ, хъустæ дзаг кæнынц. (10) Адæм æмæ теуатæ дойныйæ мæлынц. (11) Уад та тыхджынæй-тыхджындæр кæны. (12) Теуаты тæвд змисыл æрхуыссыдысты æмæ сæ сæртæ æруагътой. (13) Адæм сæхи теуатæм æлвасынц æмæ сæ сæртæ дзаумæтты тухынц. (14) Уалынмæ уад банцад. (15) Караван та дарддæр цæуы. (16) Фæлæ дон уæддæр нæй æмæ нæй. (16) Теуатæ æмæ адæм нугай мæлынц. (17) Фæстæгмæ ма æгас караванæй баззад нунæг мæллæг теуа æмæ иу лæг. (18) Иннæтæ нууылдæр фесæфтысты...**

[3] **(19) Дон кæм нæй, уым цард дæр нæй. (20) Уаты цы зайæгой зайы, ууыл дон конд куы нæ цæуа, уæд бахус уыдзæн. (21) Æнæ конæй кæрдæгæн, бæлæстæн æмæ цæрæгойтæн цæрæн нæй. (22) Адæймmаг дæр æнæ донæй мæлгæ кæны.**